

**Media Contact:**

Conchita Ruiz-Topinka  
Direktè, kominikasyon  
Plan Medikal AvMed  
(305) 671-7306  
[conchita.ruiz@avmed.org](mailto:conchita.ruiz@avmed.org)

**PLAN MEDIKAL AVMED NOTIFYIE ENDIVIDI ADISYONÈL KI AFEKTE AVÈK VÒL ÒDINATÈ PÒTAFIF LA**

**MIAMI, 3 Jen, 2010** - Plan Medikal AvMed anonse jodi a plan yo genyen pou ogmante notifikasyon pou manm ki la kounye a ak ansyen manm yo ki te genyen enfòmasyon pèsònèl ki kapab afekte avèk vòl òdinatè pòtatif nan biwo konpani yo.

An Desanm 2009, yo te vòlè de (2) òdinatè pòtatif nan fasilite nan Gainesville, Florida an. AvMed te rapòte vòl la imedyatman a otorite ki ranfòse lwa yo epi te kòmanse pwòp investigasyon forenzik pou detèmine nati enfòmasyon ki te sovgade nan òdinatè pòtatif yo. An Fevriye, 2010, AvMed te notifiye apeprè 360,000 manm ki la kounye a ak ansyen manm yo kote enfòmasyon yo an te konpwomèt kòm rezilta vòl la. Enfòmasyon ki enpòtan ki te sou òdinatè pòtatif yo gen ladann non, adrès, dat nesans, nimewo Sekirite Sosyal ak lot enfòmasyon ki gen relasyon ak sante. Kòm investigasyon sa a ap pwogrese ak patisipasyon lidè espè nan sekirite done yo, AvMed vin gen konklizyon te genyen rezon pou yo kwè enfòmasyon similè sou apeprè 860,000 adisyonèl manm ki la kounye a ak ansyen manm yo kapab enkli tou. AvMed pa genyen okenn prèv yo te itilize enfòmasyon sa yo nan yon move fason kòm rezilta ensidan sa a.

“AvMed konprann gravite sitiyasyon sa a, epi li regrèt anpil pou deranjman oswa enkyetid sa kapab koze,” te di Ed Hannum, Prezidan ak COO AvMed an. Malgre nou pa genyen okenn prèv yo te itilize enfòmasyon sa yo nan yon move fason kòm rezilta vòl la, nou pral notifiye moun ki te afekte yo, epi ede yo pou pran etap pou pwoteje enfòmasyon yo an. N ap ranfòse kapablite sekirite done ak pwosedri nou yo tou pou ede asire kalite ensidan sa a pa rive ankò.”

AvMed te pran kontra avèk Debix, yon lidè nan sèvis pwoteksyon idantite, pou ede nan notifikasyon manm ki la kounye a ak ansyen manm yo. Kòmanse semèn 7 Jen, yo pral voye lèt korespondans bay manm ki la kounye a ak ansyen manm yo pou avize yo sou sitiyasyon sa a, epi pou founi yo gid referans sou etap yo bezwen pran pou pwoteje enfòmasyon pèsònèl yo. Anplis, AvMed ap founi dezan pwoteksyon idantite sou Rezo Pwoteksyon Idantite Debix san frè pou endividi ki afekte yo. Endividi ki kwè yo te afekte pa evenman sa a kapab visite sitwèb AvMed an nan [www.avmed.org](http://www.avmed.org) oswa rele sant apèl Debix la nan **877-441-3004 (TTY: 877-442-8633)** pou plis enfòmasyon. Patipasyon nan Rezo Pwoteksyon Idantite an pa otomatik; tout moun dwe anrejistre.

AvMed Ap kontinye pou travay avè otorite ki ranfòse lwa yo nan investigasyon kriminèl la.